

KALITE LAVI PWOFEZYONÈL (PROQOL)

SATISFAKSYON AK FATIG PA RAPÒ AK SANSIBLITE OU GENYEN POU MOUN PROQOL) VESYON 5 (2009)

Lè w ap [ede] moun, ou rantre an kontak dirèk avèk sa k ap pase nan lavi yo. Petèt ou remake sansib ou sansib pou moun w ap [ede] yo, sa ka aji sou ou anbyenanmal. Nan lis pi ba a, gen kèk kesyon sou eksperyans ou fè antan ke moun k ap [ede] moun, kit li bon (pozitif) kit li pa bon (negatif). Pandan w ap reponn kesyon sa yo, panse ak tèt ou ansanm ak sityasyon travay ou. Chwazi nimewo ki mache pi byen ak valè fwa ou te viv sityasyon sa yo nan mwa ki sot pase a.

1=Janmen

2=Kèkfwa

3=Pafwa

4=Tanzantan

5=Anpil Fwa

- _____ 1. Mwen santi m kontan.
- _____ 2. Mwen santi m enkyè pou kèk grenn nan moun map [ede] yo.
- _____ 3. Mwen jwenn satisfaksyon dèske m gen kapasite pou [ede] moun.
- _____ 4. Mwen santi m konekte ak moun.
- _____ 5. Mwen pantan oubyen mwen sezi lè m tandè yon bri sanzatann.
- _____ 6. Mwen santi m pi jyanm lè m sot travay ak moun m ap [ede] yo.
- _____ 7. Mwen gen difikilte pou m separe vi prive m ak wòl mwen kòm moun k ap [ede] moun.
- _____ 8. Mwen pa bay menm randman nan travay mwen ankò, paske mwen pa dòmi nan nuit akòz sityasyon gwo chòk yon moun m ap [ede] te sibi.
- _____ 9. Mwen panse sityasyon estrès ak gwo chòk moun m ap [ede] yo gen lè ap aji sou mwen.
- _____ 10. Mwen santi m pyeje nan travay mwen kòm moun k ap [ede] moun.
- _____ 11. Nan [ede] m ap [ede] moun, defwa m santi gen kèk bagay ki twòp pou mwen.
- _____ 12. Mwen renmen travay mwen kòm moun k ap [ede] moun.
- _____ 13. Mwen santi lespri m fatige ak sityasyon gwo chòk moun m ap [ede] yo.
- _____ 14. Mwen santi se kòm moun m ap viv gwo chòk youn nan moun m te [ede] yo.
- _____ 15. Konviksyon m kore m.
- _____ 16. Mwen satisfè ak fason m rive kenbe fèm ak teknik e pwotokòl pou [ede] moun yo.
- _____ 17. Moun mwen ye jodi a, se li mwen te toujou vle ye nan lavi a.
- _____ 18. Travay mwen pote anpil satisfaksyon pou mwen.
- _____ 19. Mwen santi m depafini akòz travay mwen kòm moun k ap [ede] moun.
- _____ 20. Mwen santi kè m kontan lè m panse ak moun m ap [ede] yo e ak fason m ka [ede] yo.
- _____ 21. Mwen santi twòp pou mwen paske valè ka yo [travay la] parèt san fen.
- _____ 22. Mwen kwè mwen ka fè ladiferans akòz travay m ap fè a.
- _____ 23. Mwen evite kèk aktivite oswa kèk sityasyon ki fè m sonje eksperyans tèt chaje moun m ap [ede] yo.
- _____ 24. Mwen santi m fyè akòz sa m ka fè pou m [ede] moun.
- _____ 25. Akòz [ede] m ap [ede a], gen de move lide k ap anvayi lespri m
- _____ 26. Mwen santi sistèm nan ap toupizi m.
- _____ 27. Mwen konn panse ke mwen reyisi kòm moun k ap [ede] moun.
- _____ 28. Mwen pa rive sonje kèk pwèn enpòtan nan travay m ap fè ak moun ki viktim gwo chòk.
- _____ 29. Mwen se yon moun ki sansib pou moun anpil.
- _____ 30. Mwen kontan mwen te chwazi fè travay sa a.